



# 5 Bagay Ou Bezwen Konnen Diskriminasyon kont Gason oubyen Fi

- 1 Lwa New Jersey Kont Diskriminasyon an (LAD, ki vle di "Law Against Discrimination") defann fè diskriminasyon** oswa pèsekite moun nan travay, nan lojman, ak nan kote ki sèvi piblik (ki se kote pou piblik la), poutèt yo wè oswa yo kwè moun lan se yon gason oswa yon fi. Nan sa yo rele diskriminasyon kont gason oubyen fi, genyen diskriminasyon ki soti nan estereyotip, [nan idantite gason oubyen fi, oswa nan sa moun di yo ye](#), oswa [kont moun ansent oubyen kont manman k ap bay timoun](#) tete. Sa vle di tout moun - kit se gason oubyen fi, sèks ki nan mitan, moun ki pa deklare okenn sèks, oswa moun ki pa gade tèt yo ni kòm gason ni kòm fi - yo tout dwe trete menm jan nan travay, nan lojman, ak nan kote ki louvri pou piblik la.
- 2 Yon patwon pa gen dwa pran desizyon pou anplwaye** tankou bay moun travay, pwomosyon, [salè](#), oswa avantaj dapre si moun lan deklare oubyen si yo wè li se yon gason oswa yon fi, ni dapre estereyotip gason oubyen fi. Pa egzanp, yon patwon pa gen dwa fè diferans ant anplwaye ki gason ak fi, nan posiblite li bay pou konje parantal dapre estereyotip ki di kilès ki prensipal responsab pou rete okipe timoun.
- 3 Yon moun ki lwe lojman pa gen dwa refize afème, ni fè peye plis lwaye, ni ofri lòt kalite aranjman, oswa refize fè reparasyon dapre si kliyan an se gason oubyen fi.** Epitou, yon kote ki fè sèvis pou piblik pa gen dwa refize sèvis, ni ofri yon lòt nivo sèvis oubyen swen dapre si yon moun se gason oubyen fi.
- 4 LAD defann tou pou yo pèsekite yon moun paske li se gason oubyen fi, nan yon jan ki lakòz yon anbyans ostil.** Si yon patwon, oswa moun ki lwe lojman, oswa kote ki fè sèvis pou piblik konnen oubyen ta dwe konnen gen pèsekisyon konsa, yo dwe pran aksyon pou fè li sispann. Pèsekisyon ki chita sou diferans ant gason ak fi kapab se yon zak move mannyè, oswa yon joure paske yon moun se gason oubyen fi, tankou lè yon kòlèg nan travay ap fè remak tout tan k ap degrade fanm. Sa kapab tou [pèsekisyon pou sèks](#)— kòmantè ostil, oswa ki manke dega, oswa entimide; jès ki manke dega; kontak seksyèl lè lòt moun lan pa dakò; epi konvèsasyon lòt moun lan pa vle fè sou zafè sèks.
- 5 Yon anplwayè, pwopriyetè, oswa lokal akomodasyon piblik pa ka fè reprezay kont yon moun poutèt li egzèse oswa eseye egzèse dwa sa yo oswa nenpòt lòt dwa dapre LAD.**

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou depoze yon plent, ale nan adrès [NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov) oswa rele nan nimewo [1.833.NJDCR4U](tel:1833NJDCR4U)



NJ Office of the Attorney General  
[NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov)

 **DIVISION ON  
NJ CIVIL RIGHTS**  
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate



04/09/21